

Èske Ou Fenk Antre Ozetazini?



RELE OSWA VINI KOTE NOU JODIYA POU EVALYASYON SANTE AK VAKSEN GRATIS!

Pouki Mwen Bezwen Yon Evalyasyon Sante ak Vaksen?

- Pou idantifye pwoblèm sante ki kapab fè ou pa ka al travay
- Pou asire ke ou resevwa swen ak tretman medikal pou nenpòt kondisyon medikal ou kapab genyen
- Pou ale lekòl oubyen chanje estati ou a Rezidan Pèmanan Legal
- Pou pwoteje ou kont maladi atrapan

Kiyès Ki Elijib?

- Ameriken Azyatik
- Moun Ki Resevwa Azil
- Aplikan Azil Kiben/Ayisyen
- Patisipan Kiben/Ayisyen
- Ameriken Azyatik
- Imigran Spesyal Iraki/Afgan
- Refijè
- Refijè Minè Ki Pa Akonpanye
- Viktim Trafik Moun

Si ou nan youn nan kategori sa yo, **ou kapab resevwa yon evalyasyon sante ak vaksen GRATIS avan 90 jou** de dat ou te rive Ozetazini a oubyen te resevwa azil la. Kiben ak Ayisyen yo elijib de dat aplikasyon pou azil yo a.

Ki Sèvis Sante Gratis Ki Ofri?

- Mezire Wotè, Pwa, ak Endis Mas Kò
- Tansyon
- Egzamen Zòrèy ak Zye
- Egzamen Dan
- Tès Pou Plon
- Tès Pou Gwosès
- Analiz San
- Analiz Lipid
- Tès Pou Anemi
- Analiz Pipi
- Tès Pou Epatit
- Tès Pou Tibèkiloz
- Analiz Poupou
- Tès Pou Maladi Moun Pran Nan Relasyon Seksyèl
- Vaksen Pou Granmoun & Timoun
- Referral Pou Fè Swivi Kay Doktè & Tretman Medikal
- Entèpretasyon Pou Sèvis Sante

KONTAKTE NOU:

By Phone:

(561) 804-7900

On the Web:

http://www.pbchd.com/centers/center_riviera_beach.html

